

An nou gade gwo chanjman ki fèt pandan ane a

Chè fanmi,

Lè m te yon pwofesè, direktè lekòl, ak lidè distri, mwen te toujou pran tan nan fen ane lekòl la pou m reflechi—sou ni sa nou akonpli ni sou sa ki gen pou fèt. Kounye a, antanke Chanselye, mwen pa ka tann pou m fè menm bagay la. Se yon onè pou m dirije kominote enkwayab sa a ki gen elèv, estaf, ak fanmi, epi mwen kontan nou gen anpil bagay pou nou selebre pandan n ap fini ane lekòl 2024-2025 lan.

Ane sa a, nou te kontinye fè chanjman nan ansèyman alfabetizasyon (literacy) ak matematik nan tout vil nou an atravè NYC Reads ak NYC Solves. Nou bay gwo nivo ankadreman ak fòmasyon san parèy pou edikatè nou yo k ap fè travay esansyèl pou asire tout elèv, ladan elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann nan plizyè lang nou yo, resevwa bonjan kalite ansèyman solid ak enteresan chak jou.

Nou te elaji tou pwogram Student Pathways, ajoute plis lekòl ak chemen pou karyè nan pwogram FutureReadyNYC nou an. Plis pase 15000 elèv te patisipe nan FutureReadyNYC ane sa a, epi nan de dènye ane yo, elèv nou yo te touche plis pase 18 milyon dola nan aprantisaj ki baze sou travay!

Anplis, nou te lanse NYCPs Cares, yon nouvo inisyativ pou sipòte ni timoun lan okonplè ni fanmi an okonplè. Kòm yon pati nan travay sa a, n ap fòme plis pase 1000 moun pou lyezon fanmi (Family Connectors) pou sèvi kòm mesajè ou fè konfyans nan kominote a epi pou ede paran ak responsab legal jwenn resous ki genyen nan vil la. Epi sa se jis kòmansman an—pou yon rezime konplè sou reyalyasyon yo, ale sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/24-25YearInReview.

Nou gen anpil travay toujou pou nou fè. Apati otòn sa a, NYC Reads ak NYC Solves pral fèt nan 186 lòt lekòl anplis, avèk NYC Reads ki pral fèt nan lekòl presegondè pou premye fwa. FutureReadyNYC pral agrandi pou sèvi 50 lòt lekòl, epi nou pral ouvri sèt nouvo lekòl, ladan Northwell School of Health Sciences ak HBCU Early College Prep.

N ap finanse tou pou yo anbochaj 3 700 pwofesè anplis pou kreye klas ki pi piti; elaji ak ranfòse 3-K ak Pre-K, ladan pou elèv ki gen andikap tou; devlope pwogram espesyalize inovatè nou yo pou elèv ki gen otis; kontinye akeyi nouvo Nouyòkè avèk bra ouvè; ak anpil lòt bagay ankò.

Fanmi NYC, mèsè poutèt ou chwazi Lekòl Leta NYC. Nou apresye patenarya ou a anpil. Mwen vle tou remèsye fanmi, volontè nan kominote nou yo ak lidè ladan Konsèy edikasyon pou kominote ak pou vil la, Konsèy konsiltatif paran Chanselye a, Asosyasyon paran-pwofesè/Asosyasyon paran, Ekip lidèchip lekòl/Ekip lidèchip distri, Konsèy konsiltatif paran Tit I, Anbasadè NYC Reads, ak lyezon fanmi nou yo.

Pandan ane lekòl la ap fini an, travay la ap kontinye. Mwen fyè pou ane lekòl nou te genyen an epi mwen pa ka tann kisa pwochen ane ap pote. Mwen swete oumenm tou pa ka tann.

Nan kolaborasyon,





Melissa Aviles-Ramos
Chanselye